



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-670

Sijè: PWOMNAD LEKÒL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 22 septanm 2022

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase CR A-670 ki gen dat 21 septanm 2018.

Chanjman:

- Li chanje “Biwo sèvis legal (Office of Legal Services)” an “ Kabinè avoka nan yon domèn (Senior Field Counsel)” (Seksyon I.E) oswa “Biwo avoka jeneral (Office of the General Counsel)” (Seksyon II.C.1 ak V).
- Li chanje Manadjè sant sipò souplas pou sipò fonksyònman nan sant pou sipò souplas (Field Support Center Manager of Operational Support) an "Ekip Sipètentandan" (Superintendent Team) (Seksyon I.F. ak VII).
- Li klarifye kondisyon pou planifye pwomnad, ladan plan pwomnad yo dwe gen ladan enfòmasyon sou bezwen medikal elèv yo (Seksyon II.A).
- Li ajoute Seksyon Seksyon II.A.3 konsènan akomodasyon rezonab pou elèv ki gen yon plan edikasyon endividiyèl (Individualized Education Program, IEP) ak/oswa plan Seksyon 504 Plan.
- Li revize Seksyon II.A.7 konsènan transpò epi li ajoute langaj ki konsistan kòm Seksyon III.B.
- Li revize ak deplase nòt referans konsènan tradiksyon nan Seksyon II.C.2.
- Li klarifye pou di Seksyon II.D.10 la konsène frè/sè (siblings) elèv ki akonpaye ak paran yo nan yon pwomnad klas “epi ki pa fè pati klas k ap patisipe a.”
- Li revize enfòmasyon pou lekòl yo mande yon otobis pou yon pwomnad lekòl nan Biwo transpò elèv (Office of Pupil Transportation, OPT) (Seksyon III.A.4.b).
- Li deplase kat dokiman siplemantè ki nan regleman sa a pou mete yo nan yon pajwèb apa.
- Yon lòt kote li revize oswa reòganize lwa ki nan regleman sa a pou klarifikasyon ak presizyon.



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-670

Sijè: PWOMNAD LEKÒL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 22 septanm 2022

REZIME

Règleman sa a fikse règ ak pwosedi ki kontwole pwomnad nan lekòl. Yo defini pwomnad nan lekòl kòm tout pwomnad otorize ki fèt andeyò lokal lekòl la, kèlkeswa kote oswa mwayen transpò yo itilize a. Tout administratè ak estaf nan biling lan ta dwe abitye ak règleman sa a pou asire ke pwomnad nan lekòl yo se eksperyans ki pote rezulta, lajwa epi ki fèt san danje.

I. OBJEKTIF

- A. Pwomnad lekòl bay elèv opòtinite pou obsève, eksplore, fè dekouvèt ak patisipe nan eksperyans pratik. Lekòl yo ka patwone pwomnad yo avan, pandan oswa apre lè lekòl.
- B. Tout pwomnad nan lekòl yo ta dwe gen yon objektif edikatif oswa selebrasyon awopriye epi yo dwe wè l kòm yon pwolonjman kourikoulòm lan ak anviwònman aprantisaj la.
- C. Pou tout pwomnad nan lekòl, direktè a ap gen responsablite pou asire yo pran swen pou garanti sekirite tout moun k ap patisipe yo.
- D. Règleman sa a aplike pou pwomnad DOE patwone kote se DOE ki gen prensipal kontwòl ak sipèvizon.
- E. Règleman an ak fòm pou konsantman yo (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/frequently-used-documents>) pa aplike nan sitiyasyon kote yon lekòl ofri kou/ edikasyon fizik (P.E) lòt kote. Nan ka sa yo, lekòl la dwe bay paran yo avètisman awopriye epi fè sipèvizon ak apran prekosyon ki awopriye. Règleman sa a pa aplike pou echanj ant elèv oswa pou pwogram ki pa mande pou fè deplasman lòt kote. Pwogram sa yo egzije konsantman sipètentandan an alekri. Yo dwe kreye fòm konsantman ak dokiman pwomnad ki awopriye pou pwogram sa yo nan kolaborasyon avèk sipètentandan an, ansanm ak Senior Field Counsel /a.
- F. Lè se yon Asosyasyon paran/Asosyasyon pwofesè-paran oswa yon lòt gwooup andeyò lekòl la ki gen rapò avèk lekòl la ki patwone yon pwomnad, lekòl la dwe kontakte Ekip

Sipètentandan li a ak/oswa Senior Field Counsel la pou deside si pwomnad la se yon pwomnad DOE (nan ka sa a kondisyon ki tabli nan Regleman sa a aplike) oswa si se yon pwomnad k ap fèt endepandan avèk lekòl la.

- G. Lè yo detèmine se yon pwomnad endepandan, yo dwe enfòme paran yo aklè ke se pa DOE k ap fè pwomnad la epi yo dwe mansyone tout dokiman ki gen rapò avèk pwomnad la.
- H. Lè yon òganizasyon ap planifye yon pwomnad ki mande pou yo peye, okonplè oswa anpati gade Regleman Chanselye C-110 *Chancellor's Regulation C-110* konsènan respè règ enterè sou depans pou vwayaj. Si w gen kesyon konsènan zafè sa a, ou ta dwe voye yo bay Responsab Etik DOE a.

II. PLANIFIKASYON AK LOJISTIK

A. Planifikasyon

- 1. Direktè dwe apwouve alavans tout pwomnad lekòl la. Yo konsidere pwomnad pwogram espesyal yo òganize nan lekòl la (paegzanp klib) kòm pwomnad lekòl epi direktè a dwe apwouve yo alavans, dapre regleman sa a.
- 2. Sipètentandan ki apwopriye a dwe apwouve pwomnad entènasyonal yo tou alavans. Avan sipètentandan an apwouve pwomnad la, li dwe detèmine si gen avètisman oswa avi pou peyi elèv yo ap vizite a. (Gade www.cdc.gov; www.travel.state.gov.) Si gen konsèy oswa avètisman sou vwayaj pou kote yo prale a, sipètentandan an dwe kontakte Chanselye a oswa reprezantan Chanselye avan li pran desizyon pou apwouve pwomnad la.
- 3. Dapre CR A-710 (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-710-hatian-creole>) direktè/reprezantan li dwe asire elèv ki gen IEP ak/oswa plan seksyon 504 resevwa akomodasyon ki rezonab si nesesè pou yo ka patisipe nan pwomnad la menm jan avèk kamarad yo ki pa gen andikap.
- 4. Yo dwe prepare yon plan pwomnad, ki gen trajè detaye a ladan, lè yo itilize fòm "Plan pwomnad" la (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/frequently-used-documents>) epi kenbe yo nan dosye lekòl la pou tout pwomnad. Plan pwomnad la dwe presize tout enfòmasyon, ladan moun ki an chaj, klas k ap patisipe ak nenpòt bezwen medikal, lojman, aktivite ak kote y ap vizite, non tout adilt k ap la, detay sou depa ak retou a, mwayen transpò ak konpayi an ak kouvèti asirans.
- 5. Direktè/reprezantan I dwe asire ke chak elèv ak manm estaf k ap patisipe nan yon pwomnad entènasyonal gen dokiman apwopriye (paegzanp paspò) pou vwayaje nan peyi y ap vizite a ak pou yo retounen Etazini. Sa pi enpòtan toujou pou elèv k ap vwayaje ak paspò ki pa paspò ameriken.

6. Direktè/reprezantan l dwe asire ke omwen yon manm estaf k ap akonpaye elèv yo nan pwomnad entènasyonal la gen yon telefòn ki gen sèvis entènasyonal.
 7. Pou elèv ki gen sèvis transpò yo rekòmande nan IEP yo ak/oswa nan plan seksyon 504 yo, yo dwe bay transpò ak akomodasyon ki koresponn avèk bezwen yo.
 8. Yo dwe dokimante plan pou elèv ki gen bezwen medikal, ijans ak pwoblèm medikal enprevi nan Plan vwayaj la. Sipèvizè adilt yo sipoze vwayaje avèk materyèl premye swen, nimewo telefòn pou sèvis ijans nan zòn lan ak nimewo telefòn kontak lakay elèv pou ka ijans.
 9. Lè y ap planifye yon pwomnad, estaf la ta dwe chèche konnen si gen tarif gouvènman oswa tarif pou lekòl ki disponib pou lojman, transpò, etc. Yo ta dwe toujou mande ekzonerasyon nan taks epi yo ta dwe mete prèv ekzonerasyon an nan komunikasyon yo genyen ak founisè yo.
 10. Avan direktè/reprezantan l apwouve yon pwomnad ki gen natasyon ladan l, li dwe asire gen yon sovtè (lifeguard) an pòs pandan toutan elèv yo gen otorizasyon pou naje. Yo pa p otorize pou elèv naje sofsi gen yon *lifeguard* an pòs.
 11. Pou pwomnad ki gen objektif selebrasyon, lekòl yo dwe fè maraton *fundraising* pou ramase lajan pou pwomnad la.
- B. Peman
- Kotizasyon tankou pri admisyon ak lojman pa dwe egzajere. Yo pa dwe retire yon elèv akoz li pa ka peye frè yo egzije a. Lè sa apwopriye, lekòl yo ka ede elèv yo jwenn lajan pou yo ka patisipe.
- C. Avi pou paran, fòm konsantman ak dokimantasyon
1. Yo dwe avèti paran alekri avan yo planifye pwomnad la, yon fòm konsantman paran obligatwa pou chak pwomnad nan lekòl. Lekòl yo dwe itilize fòm konsantman ki aplikab ki se yon link nan CR "A-670" nan pajwèb dokiman DOE yo itilize souvan (<https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/frequently-used-documents>). Office of the General Counsel dwe apwouve tout chanjman oswa modifikasyon ki fèt nan fòm sa yo alavans.
 2. Y ap voye nenpòt anons bay paran nan yon manyè ki konsistan avèk CR A-663 (Tradiksyon, <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-663-haitian>).
 3. Yo pa p otorize okenn elèv ki pokò gen laj dizuit ane patisipe nan yon pwomnad lekòl si paran, responsab oswa yon moun ki pase pou paran oswa responsab li pa siyen yon fòm konsantman ki pèmèt elèv la patisipe (gade <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/frequently-used-documents>). Yon elèv ki gen

laj dizuit ane oswa plis oswa ki se yon minè endepandan ka bay konsantman I pou tèt li.

4. Fòm konsantman yo dwe idantifye aktivite ki mache ak ris (paegzanp natasyon, monte cheval, paten sou glas, itilizasyon ekipman espò) elèv yo pral fè nan pwomnad la epi yo dwe genyen demann presi otorizasyon paran an pou yo patisipe nan aktivite sa yo. Si yo egzije otorizasyon medikal alavans pou yon elèv patisipe nan pwomnad la ak/oswa pou l patisipe nan kèk aktivite, yo dwe genyen I avan pwomnad la,

D. Sipèvizon

1. Direktè a dwe chwazi yon pwofesè lisansye, asistan direktè oswa yon lòt sipèviziè pou patisipe nan pwomnad la kòm moun ki gen responsabilite pou pwomnad la anjeneral. Pou pwomnad ki gen rapò avèk pwogram sou izaj pwodui toksik, yo ka chwazi estaf Espesyalis pou prevansyon ak entèvansyon pou izaj pwodui toksik ki abitye responsab elèv kòm moun ki gen responsabilite pou pwomnad la anjeneral.
2. Yo dwe bay sipèvizon ki apwopriye pou chak pwomnad nan lekòl.
3. Pou tout pwomnad, manm estaf ki akonpaye elèv yo dwe soti nan lekòl k ap patwone pwomnad la. Si direktè a vle, li ka apwouve demann pou estaf ki soti nan yon lòt lekòl akonpaye elèv yo.
4. Lè yon pwomnad gen aktivite ki mache avèk risk (paegzanp, natasyon, monte cheval, eski, eski sou glas, itilizasyon ekipman espò), direktè/reprezantan I dwe asire gen adilt apwopriye k ap sipèvize pandan elèv yo ap fè aktivite a.
5. Yo dwe bay ekipman pwoteksyon pou aktivite a (kas pou monte cheval), lè sa apwopriye.
6. Ratio estaf-elèv
 - a) Pwomnad woutin lajounen nan Vil Nouyòk:

Pou elèv lekòl primè ak presegondè, yo egzije omwen yon (1) manm estaf ak de (2) lòt adilt pou jiska trant (30) elèv. Pou elèv lekòl segondè , yo egzije omwen yon (1) manm estaf ak yon (1) lòt adilt pou jiska trant (30) elèv. Manm estaf yo egzije a fèt pou se yon pwofesè oswa yon sipèviziè. Lòt adilt la (yo) ka yon paran volontè oswa yon manm estaf pedagojik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagojik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la.

Nan nivo primè, pou chak dis (10) elèv anplis, yo egzije yon adilt anplis. Nan nivo presegondè ak segondè, pou chak kenz (15) elèv anplis k ap patisipe, yo egzije yon adilt anplis.

b) Yon jounen andeyò vil la oswa pase nuit deyò:

Pou elèv lekòl primè, presegondè ak segondè, yo egzije omwen de (2) manm estaf ak yon (1) adilt pou jiska trant (30) elèv. Konsènan de manm estaf yo site pi wo a, yonn ladan yo dwe yon pwofesè oswa yon sipèvizè. Lòt manm estaf la ka yon manm estaf pedagojik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagojik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la. Lòt adilt la (1) ka yon paran volontè oswa yon manm estaf pedagojik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagojik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la.

Nen nivo primè, pou chak dis (10) elèv anplis, yo egzije yon adilt anplis. Nan nivo presegondè ak segondè, pou chak kenz (15) elèv anplis k ap patisipe, yo egzije yon adilt anplis.

c) Vwayaj entènasyonal

Yo egzije omwen de (2) manm estaf ak yon (1) lòt adilt pou jiska kenze (15) elèv. Konsènan de manm estaf yo site pi wo a, yonn ladan yo dwe yon pwofesè oswa yon sipèvizè. Lòt manm estaf la ka yon manm estaf pedagojik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagojik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la. Lòt adilt la (1) ka yon paran volontè oswa yon manm estaf pedagojik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagojik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la. Pou chak dis (10) elèv anplis k ap patisipe, yo egzije yon adilt anplis.

d) Elèv ki gen IEP

Pou pwomnad lekòl ki gen elèv ki gen IEP, pwopòsyon (ratio) estaf-elèv la ta dwe omwen menm avèk ratio yo egzije pou kou yo.

7. Kondisyon anplis pou natasyon ak aktivite ki gen rapò avèk dlo

a) Kantite elèv pa estaf pou natasyon ak aktivite ki gen rapò avèk dlo

Si elèv yo ap naje oswa patisipe nan aktivite ki gen rapò avèk dlo (paegzanp aviwon, kayak) yo dwe itilize ratio sa yo:

- (1) Pou elèv lekòl primè ak presegondè, yo egzije omwen de (2) manm estaf ak de (2) adilt pou jiska trant (30) elèv.
- (2) Pou elèv lekòl segondè , yo egzije omwen de (2) manm estaf ak de (2) adilt pou jiska trant (30) elèv.

- (3) Konsènan manm estaf yo site pi wo a, yonn ladan yo dwe se yon pwofesè oswa yon sipèvizè. Lòt manm estaf la ka yon manm estaf pedagojik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagojik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la.
- (4) De (2) lòt adilt yo ka paran volontè oswa manm estaf pedagojik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagojik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la.
- (5) Nan nivo primè, pou chak dis (10) elèv anplis, yo egzije de adilt. Nan nivo presegondè ak segondè, pou chak kenz (15) elèv anplis, yo egzije de adilt anplis.
- b) Yo ka otorize naje sèlman lè gen yon sovtè (*lifeguard*) an pòs. Lifeguard la dwe an pòs pandan tout tan elèv yo ap naje.
 - c) Elèv k ap patisipe nan aktivite ki gen rapò avèk dlo ki pa natasyon tankou kayak, monte sou chanm kawoutchou (*tubing*) oswa aviwon dwe mete yon jile sovtaj (*lifejacket*) toutan.
 - d) Pou pwomnad entènasyonal, direktè/reprezantan I dwe asire gen sipèvizon yon adilt ki apwopriye avèk aktivite elèv yo ap fè a.
8. Si yon elèv dwe kite yon pwomnad lekòl avan lè, yon manm estaf la dwe akonpaye I si yon paran pa ka vini pou elèv la.
9. Kèlkeswa tip pwomnad la, li pa otorize pou rankontre oswa ranvwaye elèv nan yon lokal ki pa lekòl la sofsi fòm konsantman an presize sa espesyalman. Direktè/reprezantan I dwe pran responsablitè anjeneral pou I akeyi elèv k ap retounen yo. Nan ka kote gen sikontans ki fè li enposib pou yo ranvwaye elèv yo nan lokal ki nan kontra a, yo dwe kontakte paran yo epi enfòme yo sou sitiyasyon an, epi dwe gen estaf apwopriye lekòl la ki rete avèk elèv la jiskaske paran yo rive. Si yon paran pa vin chèche yon timoun epi yo pa rive jwenn paran an oswa moun pou kontak la, direktè a oswa reprezantan I dwe kontakte pòs polis ki pi pre a.
10. Sibling elèv ki akonpaye ak paran yo nan yon pwomnad klas epi ki pa fè pati klas la, pa otorize patisipe nan pwomnad la.

E. Ka ijans

1. Elèv yo pa wè
 - a) Si yo pa wè yonn (1) oswa plizyè elèv nan kote pwomnad la ap fèt la, yo dwe avèti otorite ki gen kontwòl kote a imedyatman pou yo chèche I. Si apre rechèh la yo pa ka jwenn elèv la(yo), yo dwe rele polis nan zòn lan imedyatman. Manm estaf ki anchaj la ansanm ak sipèvizè I dwe fè tout efò pou kontakte paran yo.
 - b) Yon manm estaf la dwe rete nan lokal la jiskaske yo jwenn tout elèv. Manm estaf ki anchaj la ap detèmine si lòt elèv oswa lòt adilt yo ta dwe kite lokal la. Yo dwe pran tout desizyon sa yo an kolaborasyon

avèk sipèvizè manm estaf la. Yo sipoze kenbe paran yo okouran sou sitiyasyon rechèch y ap fè pou pitit yo.

2. Maladi/chòk

- a) Si yon elèv vin tonbe malad oswa resevwa chòk epi li bezwen èd, yo dwe avèti otorite sante ki apwopriye yo. Otorite medikal yo dwe pran yon desizyon sou gravite maladi oswa chòk la epi si li obligatwa pou yo ospitalize elèv la, yon adilt fèt pou akonpaye l. Yo dwe avèti paran yo imedyatman epi fè yo konnen kote timoun lan ye (paegzanp lopital) ak nati maladi oswa chòk li resevwa a.
- b) Manm estaf ki anchaj la ap deside si lòt elèv yo ak lòt adilt yo dwe kite lokal la, men yon manm estaf dwe rete jiskaske elèv ki malad oswa ki resevwa chòk la ka ale. Yo dwe pran tout desizyon sa yo an kolaborasyon avèk sipèvizè manm estaf la. Yo dwe enfòme paran yo sou kondisyon timoun lan si yo pa ka vwayaje pou vin nan kote li ye a.

III. MWAYEN TRANSPÒ

A. Lekòl ka itilize nenpòt nan mwayen transpò sa yo:

- 1. Sistèm transpò publik (paegzanp tren, otobis);
- 2. Liy ayeryèn komèsyal ki anrejistre;
- 3. Otobis ki fè trajè ant vil yo (paegzanp Amtrak, Greyhound); ak/oswa
- 4. Otobis prive ki otorize, ladan otobis lekòl, jan yo di l pi ba a:
 - a) Nenpòt machin yo itilize pou transpòtè elèv dwe respekte tout règ ak règleman federal, eta a, vil la ak regleman DOE sou transpò elèv. Sa gen ladan, nòm yo fikse pou machin, chofè, asirans ak konpayi, ak lòt ankò. Yo dwe kontakte Office of Pupil Transportation (OPT) pou jwenn yon lis konpayi ki anrèg avèk nòm sa yo ki ofri sèvis.
 - b) Pou mande yon otobis pou yon pwomnad lekòl nan OPT, lekòl yo ta dwe swiv eksplikasyon nou pataje avèk lekòl yo avan kòmansman chak ane lekòl sou pwosedi pou jwenn otobis pou pwomnad.
 - c) Yo pa ka mennen elèv kote pwomnad la ap fèt la nan yon machin ki pa otorize ni nan machin prive.

B. Jan yo eksplike l pi wo a, elèv ki gen sèvis transpò ki rekòmande nan IEP yo ak/oswa plan seksyon 504, yo dwe ba yo transpò ak akomodasyon ki koresponn ak bezwen yo.

IV. ASIRANS AK DEDOMAJMAN

A. Pou pwomnad nan lekòl kote elèv ap patisce nan aktivite ki gen gwo risk (paegzanp natasyon, monte cheval, eski, eski sou glas, itilizasyon ekipman espò), lekòl ta dwe gen dokiman nan dosye ki montre kote elèv yo ap vizite a gen kouvèti asirans konplè

pou yon valè 2,000,000 dola pou pi piti pou chak sa ki rive ak garanti alekri ki soti nan lokal la ki di nòm sante, ensandi ak sekirite yo konfòm avèk sa kominate a egzije pou itilizasyon moun ki gen laj ant 4 ak 21 ane. Si yo pa resevwa dokiman sa yo, direktè a ap deside si li nòmal pou fè pwomnad la. Yo dwe achte asirans medikal pou gwooup pou ijans pou kouvri tout patisipan nan pwomnad entènasyonal.

- B. Si yon enstitisyon mande prèv asirans oswa si li mande DOE pou dedomaje enstitisyon an pou aksyon anplwaye DOE, elèv oswa envite komèt pandan pwomnad lekòl, direktè/reprezantan I dwe kontakte Senior Field Counsel yo nome nan lekòl la epi li pa ka siyen okenn dokiman konsènan dedomajman an san konsantman Senior Field Counsel la.
- C. Yo ta dwe poze Senior Field Counsel ki apwopriye a tout kesyon konsènan asirans ak dedomajman.

V. RESPONSABLITE

Dapre lwa Eta Nouyòk, estaf DOE, ak volontè ki otorize ka gen dwa pou jwenn avoka ak dedomajman ki gen rapò ak reklamasyon ki fèt pou aksyon oswa negligians ki fèt pandan anplwaye/volontè a t ap aji nan kalite anplwaye leta epi li t ap fè travay li epi li pa vyole okenn règleman oswa prensip DOE nan moman swadizan aksyon oswa negligians ki rive a. Si gen yon pwosè ki enplike yon anplwaye/volontè Depatman edikasyon, yo dwe kontakte Office of the General Counsel DOE nan 212-374-6888 pou mande New York City Office of the Corporation Counsel reprezante I.

VI. EKZANPSYON (WAIVER)

Chanselye a oswa reprezantan I ka fè egzanpsyon règleman sa a oswa nenpòt pati ladan I si li jiye I ap pi bon pou distri lekòl Vil Nouyòk la.

VII. DEMAND RANSÈYMAN

Yo ta dwe voye demand konsènan regleman sa a ba: ekip Sipèntandan ki apwopriye a, ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/about-us/leadership/district-leadership>.